



Règleman Asistans Finansye

Mayo Clinic epi Lopital ak Klinik ki afilye yo

Financial Assistance Policy (Haitian Creole)

Mayo Clinic and Affiliated Hospitals and Clinics

Dapre atik 501(r) Code Internal Revenue

Règleman

Misyon Mayo Clinic se enspire espwa ak ankouraje sante atravè pratik klinik entegre, edikasyon ak rechèch. Valè Mayo Clinic yo gen ladan yo, bay pi bon swen, trete pasyan yo ak manm fanmi yo ak sansiblite epi ak senpati, epi trete tout moun nan divès kominote Mayo Clinic, tankou pasyan yo, fanmi yo, ak kòlèg yo, avèk diyite, pandan y ap respekte estanda pwofesyonalis, etik, ak responsablite pèsonèl ki pi wo yo. Mayo Clinic angaje li pou bay aksè a bon jan kalite swen sante pou kominote li ap sèvi a, ki gen ladan pasyan ki nan sikonstans finansye difisil, epi li ofri asistans finansye bay moun ki gen yon bezwen ki konfime pou resevwa swen medikal an ijans ak sèvis lopital ki nesèsè sou plan medikal. Anplis de asistans finansye yo ofri dapre kondisyon règleman sa a ("Règleman Asistans Finansye"), Mayo Clinic ofri lòt asistans bay pasyan yo ki enkli èd finansye pou sèvis yo pa bay nan yon lopital. Asistans finansye a pa disponib pou swen ki pa nesèsè sou plan medikal yo, ni pou sèvis pasyan an mande men founisè k ap trete li la jije yo pa nesèsè, ni pou kèk sèvis yo site nan seksyon Sèvis yo ekskli yo ki nan règleman sa a.

Pwen kle yo

- Mayo Clinic ofri asistans finansye ki lakòz eliminasyon oswa rediksyon frè pou pasyan ki kalifye ki ap resevwa swen ijans oswa swen medikal ki nesèsè.
- Se pa tout pasyan ki elijib pou asistans finansye, yo rele tout swen "byenfezans". Yo endike règ elijiblite yo anba a. Pa egzanp, pasyan yo pa kalifye pou èd finansye si y ap trete yo nan Mayo Clinic sou yon baz endeyò rezo sof si gen yon eksepsyon espesifik ki aplikab jan sa dekri anba a.
- Si yon pasyan pa elijib pou asistans finansye prezime a, li dwe ranpli yon fòmilè pou li ka aplike epi li dwe deklare revni li ak byen li. Yo detèmine asistans finansye dapre byen ak revni kay la jan sa dekri anba a.
- Se pa tout sèvis medikal ki kalifye pou asistans finansye jan sa dekri pi ba a, men esansyèl revni ak byen yo.

Mezi Mayo Clinic ka pran si yo pa fè peman an yo dekri nan Règleman Mayo Clinic pou Faktirasyon ak Rekouvremant. Ou ka jwenn yon kopi règleman sa a gratis pou Arizona, Florid, ak Rochester nan www.mayoclinic.org/financialassistance oswa pou lokal Mayo Clinic Health System nan www.mayoclinic.org/financial-assistance. oswa rele 1-844-217-9591, lendi jiska vandredi, 8:00 a.m. pou 5:00 p.m. Lè Santral.

Mayo Clinic p ap angaje li nan aksyon rekouvremant ekstrawòdinè anvan li fè yon efò rezonab pou detèmine si yon pasyan elijib pou asistans finansye dapre règleman sa a.

Objektif

Règleman sa a sèvi pou etabli epi garanti yon metòd ekkitab ak konsistan pou pasyan ki pa gen asirans ak pasyan ki pa gen asirans sifizan pou yo mande epi jwenn asistans finansye ki gen rapò ak swen an ijans ak lòt swen lopital ki nesèsè sou plan medikal. Remakè byen se pa tout sèvis medikal nan Mayo Clinic ki kalifye pou asistans anba règleman sa a epi se pa tout pasyan ki kalifye. Asistans finansye enplis swen gratis oswa rabè selon revni kay la ak byen yo oblije deklare nan pwosesis aplikasyon an oswa atravè detèminasyon prezime kalifikasyon an. Asistans finansye baze sou yon rabè nan frè brit pou lopital la. Sèvis yo bay ak yon rabè minimòm de 50% pou moun yo detèmine ki kalifye pou asistans finansye nan Mayo Clinic.

Definisyon

Aplikasyon: Pasyan oswa lòt moun ki responsab pou peman swen pasyan an ki chèche asistans finansye.

Peryòd Aplikasyon: Li kòmanse nan dat yo te bay swen medikal la epi li fini 240 jou apre premye resi faktirasyon apre egzeyat la oswa 30 jou ape lopital la oswa yon tyès pati yo otorize fin bay yon avi ki di ki men ki mezi rekouvremant ekstrawòdinè lopital la anvizaje pran, selon dat ki pi ta a.

Dèt ki pa ranbouse: Frè pou bay swen ak moun ki kapab men ki pa vle peye tout oswa yon pati nan fakti medikal yo responsab yo.

Swen Medikal an Ijans: Swen ki medikalman nesèsè yo bay apre aparasyon yon kondisyon medikal, kit se fizik kit se mantal, ki manifeste pa mwayen sentòm ki ase grav, sa enplike tou doulè vyolan, pou menm yon pwofàn pridan ki pa menm gen anpil konesans sou koze sante ak medsin ka wè si moun nan pa jwenn swen medikal byen rapid sa a ka mete lavi loubyen lavi yon lòt moun an gwo danje. Yon tès depistaj medikal ak tretman pou kondisyon medikal an ijans oswa nenpòt lòt sèvis sa yo ki bay nan mezi sa yo mande dapre Lwa sou Tretman Medikal an Ijans ak Travay (“EMTALA”) (42 U.S.C. § 1395dd) kalifye kòm Swen Medikal an Ijans. Swen Medikal an Ijans yo gen ladan yo tou:

- Swen yon pwofesyonèl medikal ki gen lisans detèmine ki se yon ijans;
- Swen medikal pou pasyan ki entène ki asosye ak swen ijans pou pasyan ekstèn; epi
- Transfè pou pasyan ki soti nan yon lòt lopital pou swen grav nan Mayo Clinic pou bay pasyan ki entène yo swen ki pa disponib otreman.

Fanmi: Pou rezon politik sa a, yon fanmi se:

- Yon koup marye ak nenpòt moun ki depandan, jan sa defini nan direktiv IRS yo;
- Yon moun ki gen depandan jan sa defini nan direktiv IRS yo; oswa
- Yon moun ki pa marye ki pa gen depandan.

Direktiv Federal nan kesyon Povrete: Yon mezi revni Depatman Sante ak Sèvis Sosyal bay chak ane. Yo itilize direktiv sa yo pou detèmine kalifikasyon pou sèten pwogram ak benefis (tankou Medicaid) ak pou èd finansye Mayo Clinic.

Asistans Finansye: Pri pou bay swen gratis oswa rabè bay moun ki pa gen mwayen pou peye tout oswa yon pati nan fakti medikal lopital yo dapre règ kalifikasyon ki idantifye nan règleman sa a. Mayo Clinic ka detèmine enkapasite pou peye anvan oswa apre yo fin bay sèvis ki nesèsè sou plan medikal.

Frè Brit: Pri konplè etabli pou swen medikal yo bay pasyan yo.

Swen ki Medikalman Nesèsè: Atik ak sèvis Swen Sante yon founisè pridan ta konsidere rezonab ak nesèsè pou dyagnostik oswa tretman maladi oswa blezi oswa pou amelyore fonksyon yon ògàn oswa yon pati nan kò ki malfòm nan yon fason ki:

- An akò ak nòm pratik medikal la jeneralman aksepte yo;
- Klinikman apwopriye an tèm de kalite, frekans, limit, sit ak dire; epi
- Pa prensipalman pou benefis ekonomik plan sante yo ak achtè yo oswa pou avantaj pasyan an, oswa lòt founisè swen sante.

Swen medikalman nesèsè pa gen ladan sèvis sa yo (lis sa a pa konplè):

- Evalyasyon kosmetik ak/oswa operasyon;
- Sèvis lopital ki te kapab bay nan yon anviwònman ki pi ba pri men yo pa te bay nan anviwònman sa a ki pi ba pri sou demann pasyan an oswa moun k ap pran desizyon pou pasyan an tankou yon manm fanmi;
- Evalyasyon ak sèvis jesyon ki depase sa yo konsidere kòm medikalman rezonab ak nesèsè sou demann pasyan an;
- Twòp terapi oswa pwosedi dyagnostik sou demann pasyan an;
- Tès depistaj, egzamen, ak terapi kote pasyan an pa gen okenn sentòm oswa dyagnostik;
- Sèvis ki pa nesèsè ki baze sou dyagnostik pasyan an sou demann pasyan an; epi
- Sèvis ki eskli ki endike nan lòt seksyon politik sa a.

Balans oto-pèman: Montan yo dwe yon founisè oswa lopital apre sèvis yo epi tout lòt opsyon peman oswa metòd ranbousman yo fin eksplòre. Yo aplike asistans finansye apre yo fin kalkile balans oto-pèman an.

Founisè ki kouvri anba règleman sa a

Tout founisè medikal ki anplwaye Mayo Clinic k ap bay swen nan Mayo Clinic yo kouvri anba règleman sa a.

Yo kenbe yon lis founisè ki gen kontra oswa ki otorize pou bay pasyan yo swen nan Mayo Clinic, ki pa nan etablisman lopital la li menm, k ap bay swen an ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè nan etablisman lopital la, ki presize ki founisè ki kouvri nan règleman asistans finansye sa a, ki separe de politik asistans finansye sa a. Lis Founisè a aplikab sèlman apati dat li te kreye oswa dènye mizajou, jan li espesifye nan Lis Founisè a. Ou ka jwenn Lis Founisè a, gratis, lè w rele 1-844-217-9591, an liy pou Arizona, Florid, ak Rochester nan www.mayoclinic.org/financialassistance ak pou lokal Mayo Clinic Health System. nan www.mayoclinichealthsystem.org/financial-assistance, oswa lè w vizite yon lokal Enskripsyon ak Sèvis Biznis.

Sèvis ki Eskli

Sèvis ak atik espesifik yo eskli nan asistans finansye, ki gen ladan yo, men pa limite a sa yo:

- Chiriji estetik;
- Fegondasyon In-Vitro (IVF);
- Terapi Repwodiksyon Avanse (ART);
- Sèvis kontounman gastrik san detèminasyon nesosite medikal pa moun ki ap peye a, sa ki bay pwoteksyon ak peman;
- Kont ak sèvis ki gen rapò ak yon etid rechèch;
- Eleman konfò pasyan an ki gen ladan ebèjman de liks ak ebèjman lannwit an fonksyon de demann pasyan an epi ki tipikman pa kouvri anba asirans sante;
- Lòt sèvis ki pa nesèsè sou plan medikal yo faktire dapre yon pwogram oto-pèman yo te detèmine davans;
- Sèten medikaman apre transplantasyon; epi
- Frè pwogram tankou Executive, Medallion, ak lòt pwogram.

Asistans Finansye prezime

Aplikan yo ka kalifye pou asistans finansye si yo pa eskli. Egzanp pasyan ki eskli yo enkli chèche tretman nan Mayo Clinic sou yon baz andeyò rezo oswa pa siyen fòmilè Otorizasyon ak kondisyon sèvis Mayo Clinic la:

- Si pasyan an gen prèv enskripsyon aktyèl la nan yon pwogram Medicaid/Asistans Medikal oswa si yo jije li elijib pou pwoteksyon sa a, pasyan an pa bezwen ranpli yon aplikasyon pou asistans finansye epi yo pral otomatikman jije li kalifye pou 100% ajisteman nan balans oto-pèman an, si genyen; oswa
- Si Mayo Clinic detèmine pasyan an elijib pou asistans finansyè dapre enfòmasyon sosyo-ekonomik espesifik pou pasyan an ke yo rasanble nan sous komèsyal.

Kritè Elijiblite pou Asistans Finansye

Elijiblite pou asistans finansye mande pou pasyan an satisfè sèten kritè epi, si sa aplikab, koperasyon konplè yon aplikan pandan pwosesis aplikasyon an, tankou:

- Pasyan an se yon sitwayen oswa yon rezidan Pèmanan Ozetazini oswa li se yon sitwayen yon lòt peyi ki vin etidye aplentan Ozetazini ak yon viza etidyan;
- Si pasyan an gen kouvèti asirans sante, Mayo Clinic dwe fè pati rezo a jan Mayo Clinic detèmine. Pasyan yo pa elijib pou asistans finansyè si asirans sante ki aplikab mansyone Mayo Clinic kòm andeyò rezo a oswa si asirans sante pasyan an kouvri sèvis sou yon baz ki pa gen kontra amwenske sèvis yo se swen medikal an ijans yo bay nan yon depatman ijans oswa yo pre-detèmine tankou yo inik nan Mayo Clinic epi tretman sa yo pa disponib kay yon lòt founisè swen sante;
- Fè pwosesis aplikasyon an pou tout pwogram asistans pou peman swen sante ki disponib kote Mayo Clinic enskri kòm yon founisè k ap patisipe, enkli Medicaid (Asistans Medikal), ak kote sa apwopriye, kouvèti nan kad echanj asirans maladi eta ki aplikab. Pasyan an dwe siyen tou fòm Otorizasyon ak Kondisyon Sèvis Mayo Clinic la ki pèmèt Mayo Clinic soumèt reklamasyon;
- Ranpli aplikasyon pou asistans finansye a ki gen ladan tout dokiman obligatwa yo, si ou pa kalifye pou Medicaid oswa echanj asirans sante eta ki aplikab epi ou pa eskli nan asistans finansye;
- Satisfè kritè revni anyèl ak kantite fanmi jan yo tabli nan direktiv federal nan kesyon povrete pou ane fiskal anvan an; Ajisteman 50% nan balans oto-pèman yo pou aplikan ki gen revni kay ak byen ki rive jiska 400% direktiv federal nan kesyon povrete yo; Ajisteman 100% nan balans oto-pèman ou pou aplikan ki gen revni kay ak byen ki egal oswa mwens pase 200% nan direktiv federal nan kesyon povrete yo; epi
- Yon enkapasite ki pwouve pou peye pou sèvis ki baze sou tout revni ak byen ki disponib.
 - Aplikan ki pa kalifye pou benefisyè asistans finansyè men ki pa kapab peye pou depans pou swen medikal an ijans oswa swen medikal ki nesèsè yo ka chèche asistans nan sikonstans sa yo, ki pral apwouve dapre desizyon Mayo Clinic.
 - Kriz imanité: Aplikan ki bezwen swen pou kondisyon medikal ki soti nan yon kriz imanité, tankou sivil ki afekte nan konfli ame, viktim yon dezast natirèl, oswa moun ki abite nan yon lòt peyi epi ki bezwen swen medikal espesyalize ki pa aksesib nan peyi yo, epi Mayo Clinic dakò ak asistans finansye davans;
 - Sikonstans katastwofik: Mayo Clinic rezève dwa li pou li ofri asistans finansyè sou yon baz endividyèl lè pasyan an konfwonte ak difikilte finansye ekstrèm epi li fè depans medikal nan yon nivo ki jistifye konsiderasyon asistans finansye a. (Sa a ekskli pasyan ki gen asirans kote Mayo Clinic pa nan rezo a oswa ki pa gen kontra);
 - Sikonstans Medikal Espesyal: Aplikan k ap chèche tretman anlwaye medikal Mayo Clinic sèlman kapab bay.

Mayo Clinic rezève dwa pou l refize bay moun ki refize kouvèti asirans, tankou plan asistans gouvènman an, menmsi yo elijib, oswa akòz rezon relije oswa objeksyon moral, èd finansye. Mayo Clinic rezève dwa pou detèmine sa ki kalifye kòm kouvèti asirans sante.

Mayo Clinic ka anvi peye prim COBRA pou yon peryòd tan limite si yon pasyan ta dwe apwouve pou resevwa asistans finansye. Mayo Clinic rezève dwa pou l refize èd finansye si yon aplikan pa kolabore ak Mayo Clinic konsènan tout pwosesis ak dokiman ki nesèsè pou peman prim COBRA yo.

Mayo Clinic fè tout tantativ rezonab pou kolekte nan men konpayi asirans ak nenpòt lòt moun ki peye yon tyès pati, tankou konpayi asirans responsablite. Tyès pati ki ap peye yo entèdi pou yo redui ranbousman yo nan yon reklamasyon bay Mayo Clinic menm si Mayo Clinic te anile tout oswa yon pati nan fakti yon aplikan dapre règleman sa a.

Mayo Clinic rezève dwa li pou li ranvèse asistans finansye epi pouswiv ranbousman apwopriye oswa rekouvremant akòz enfòmasyon yo fenk dekouvri, ki gen ladan kouvèti asirans oswa peman pou aplikan an, pouswiv yon reklamasyon pou aksidan pèsònèl ki gen rapò ak sèvis y ap pale yo, chanjman revni aplikan an, oswa yon detèminasyon tout pati nan aplikasyon asistans finansye yo fo, yo gen erè, oswa pa gen okenn revni ni byen yo ta dwe deklare ladan yo.

Pasyan k ap resevwa swen nan depatman ijans ki san resous finansye yo ka kalifye pou asistans finansye si yo p ap travay oswa si yo pa gen adrès pèmanan oswa asirans. Absans done pasyan ki disponib nan Mayo Clinic pa anpeche kalifikasyon pou asistans finansye, epi pasyan endijan ki pa gen aksè a dokiman aplikasyon yo ka toujou kalifye pou asistans finansye. Nan evalye tout faktè ki gen rapò ak sikonstans klinik, pèsònèl ak demografik yon pasyan, ak lòt dokimantasyon (ki gen ladan enfòmasyon lòt òganizasyon charitab ka bay), Mayo Clinic ka detèmine yon pasyan ki elijib pou asistans finansye lè li fè sipozisyon rezonab konsènan revni pasyan an pou fakti ki te jenere nan yon sitiyasyon ijan.

Pasyan ki elijib pou asistans finansye anvan sèvis yo dwe demontre yon kapasite pou bay oswa kenbe nenpòt swen alontèm ki nesèsè pou sante ak byennèt yo jan kondisyon inisyal yo mande oswa jan ekip swen yo mande.

Si yo apwouve yon aplikan pou asistans finansye dapre règleman sa a, kalifikasyon sa a pa dwe depase yon ane apati premye jou nan mwa kote yo te bay sèvis yo an premye oswa jiska dènye jou mwa pwochen "peryòd enskripsyon ouvè" a, jan sa etabli anba Lwa sou Swen Abòdab, kèlkeswa sa ki vini an premye a. Bay asistans finansye pa oblije Mayo Clinic bay swen kontinyèl; sepandan, sou desizyon Mayo Clinic, sèvis ak sipò ki nesèsè medikalman epi ki pa disponib yon lòt kote yo ka bay sou yon baz kontinyèl. Pasyan yo ka oblije reyaplike pou asistans finansye omwen chak 180 jou.

Mayo Clinic ak afilye li yo ka pataje enfòmasyon sou asistans finansye pasyan yo atravè sit ki afilye a Mayo Clinic pou benefis ak fasilite pou administre asistans finansye bay pasyan yo yo egzaminen nan plizyè kote. Yo p ap pataje okenn enfòmasyon andeyò Mayo Clinic sof si lalwa otorize oswa egzije sa.

Mayo Clinic pa itilize pratik restriktif tankou reta oswa refize swen medikal an ijans bay yon pasyan jiskaske pasyan an pwouve enfòmasyon yo mande pou detèmine si pasyan an kalifye pou asistans finansye. Mayo Clinic pa dwe detèmine yon aplikan pa elijib pou asistans finansye an fonksyon de enfòmasyon li gen rezon pou kwè ki pa fyab oswa kòrèk oswa sou enfòmasyon yo jwenn nan men aplikan an anba kontrent oswa atravè itilizasyon pratik restriktif.

Aplikan yo responsab pou yo rapòte san pèdi tan chanjman ki fèt nan nenpòt nan enfòmasyon yo soumèt ak aplikasyon an pou asistans finansye, tankou kouvèti asirans sante, sitiyasyon finansye, ak enfòmasyon kontak.

Metòd pou aplike pou asistans finansye

Asistans finansye yo ofri swa atravè yon pwosesis aplikasyon oswa dapre kalifikasyon aktyèl pou asistans medikal, kalifikasyon prezime oswa lòt asistans gouvènman an fonksyon de bezwen yo.

Pwosesis aplikasyon

Aplikan ki vle aplike pou asistans finansye ka aplike swa lè yo mande fòm aplikasyon an oswa telechaje epi enprime fòm aplikasyon pou asistans finansye a gratis. Pwosesis aplikasyon an fèt pou bay chak aplikan yon opòtinite pou resevwa benefis maksimòm asistans finansye yo ka kalifye pou yo. Mayo Clinic pral fè aplikan yo konnen aplikasyon ki pa konplè epi li pral presize dokiman oswa enfòmasyon ki nesèsè pou konplete pwosesis aplikasyon an, ki ta dwe bay nan lespas 30 jou. Mayo Clinic rezève dwa pou l refize èd finansye si yo pa resevwa aplikasyon an nan peryòd aplikasyon an.

Anplwaye Mayo Clinic Revenue Cycle yo pral revize aplikasyon an epi detèmine èd finansye yo ka ofri. Pwosesis revizyon aplikasyon an pran apeprè 30 jou. Lè yo fin pran yon desizyon pou asistans finansye, yo pral voye yon lèt bay aplikan an pou fè l konnen desizyon an.

Asistans finansye a baze sou aplikan an ki idantifye tout sous revni ak byen, ki gen ladan men pa limite ak revni ki soti nan salè ak travay endepandan, pansyon alimantè, sipò pou timoun, alokasyon fanmi militè, asistans piblik, pansyon ak kont oswa peman pou retrèt, konpansasyon chomaj, konpansasyon travayè, reklamasyon responsablite aktyèl oswa potansyèl, benefis sekirite sosyal, benefis sivivan, benefis andikap, benefis veteran, ak nenpòt lòt sous revni tankou revni lokasyon, redevans, ak enterè.

Aplikasyon pou asistans finansye yo disponib gratis sou sitwèb sa yo:

Arizona, Florid, ak Rochester yo disponib nan www.mayoclinic.org/financialassistance epi pou lokal Mayo Clinic Health System nan www.mayoclinic.org/financial-assistance.

Aplikasyon yo disponib sou demann alekri nan:

Mayo Clinic Patient Account Services
200 First Street SW
Rochester, MN 55905

Aplikasyon yo disponib tou nan nenpòt biwo lokal Admisyon, Enskripsyon ak Sèvis Komèsyal ak Depatman Ijans.

Règ asistans finansye ak asistans aplikasyon disponib:

Pòtal sekirize pasyan an lè w vizite www.mayoclinic.org/financialassistance pou Arizona, Florid, ak Rochester nan www.mayoclinic.org/financialassistance oswa pou lokal Mayo Clinic Health System nan www.mayoclinichealthsystem.org/financial-assistance epi chwazi Konekte nan Kont Pasyan an apati de paj dakèy la.

Ou ka rele tou 1-844-217-9591 oswa vizite yon lokal Enskripsyon ak Sèvis Komèsyal.

Baz pou Kalkile Kantite yo faktire Pasyan yo

Yo faktire tout pasyan yo dapre kantite chaj brit yo; sepandan, oto-pèman balans pou pasyan ki elijib pou asistans finansye limite a kantite lajan ki faktire an jeneral (AGB) pou moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo. Mayo Clinic sèvi ak yon metòd retwospektiv pou kalkile AGB a lè li divize montan frè Medicare yo otorize pou sèvis ak konpayi asirans sante komèsyal ak prive pa frè brit yo soumèt yo. Kantite lajan yon pasyan dwe peye nan pòch la limite a pousantaj AGB nan chaj brit la si yo jije aplikan an elijib pou asistans finansye. Konbinezon peman asirans ak peman pasyan oswa aplikan an ka depase AGB.

Moun yo ka jwenn plis enfòmasyon, alekri epi san chaj, sou Mayo Clinic AGB swa lè yo kontakte Sèvis Kont Pasyan yo nan 1-844-217-9591 oswa sou sit entènèt nou an pou Arizona, Florid, ak Rochester nan www.mayoclinic.org/financialassistance ak pou lokal Mayo Clinic Health System nan: www.mayoclinichealthsystem.org/financial-assistance.

Règleman sou ranbousman

Si yon aplikan soumèt yon aplikasyon konplè pou asistans finansye epi yo detèmine li elijib pou asistans finansye, Mayo Clinic pral ranbouse aplikan an kantite lajan yo te peye anvan an plis pase kantite lajan yo dwe dapre règleman sa a, ki gen ladan nenpòt enterè peye; sepandan, si kantite lajan ke yo dwe peye an mwens pase \$5.00 (oswa lòt montan sa yo Internal revenue Service fikse yo), Mayo Clinic pa oblije ranbouse pasyan an oswa peye enterè.

Sèvis an Ijans

Mayo Clinic bay egzamen depistaj medikal ak swen ijans pou estabilize pasyan yo, kèlkeswa kapasite yo pou peye epi an konfòmite ak Lwa sou Tretman Medikal Ijans ak Travay (EMTALA). Mayo Clinic entèdi nenpòt aksyon ki ta dekouraje moun chèche swen medikal ijans epi ki pa fè aktivite koleksyon dèt nan Depatman Ijans.

Opòtinite Egal

Mayo Clinic pran angajman pou l respekte plizyè lwa federal ak eta ki anpeche diskriminasyon sou baz ras, sèks, laj, relijyon, nasyonalite, eta sivil, oryantasyon seksyèl, andikap, sèvis militè, oswa nenpòt lòt klasifikasyon lwa eta a oswa lwa federal yo pwoteje.

Fòmasyon

Mayo Clinic pral asire l tout anplwaye ki responsab pou angaje oswa ede nan yon lòt fason sou aplikasyon pou asistans finansye ki kouvri nan règleman sa a resevwa fòmasyon sou règleman sa a.

Konfidansyalite

Anplwaye Mayo Clinic pral defann konfidansyalite ak diyite endividyèl chak pasyan. Mayo Clinic ak tout afilye l yo pral respekte kondisyon HIPAA pou jere enfòmasyon pèsonèl medikal, sante ak finansye.

Disponibilite Règleman sa a

Mayo Clinic pral pibliye politik sa a lè l:

- Mete règleman sa a, aplikasyon pou asistans finansye a, ak yon rezime politik sa a yon lang klè disponib lajan pou Arizona, Florid, ak Rochester nan www.mayoclinic.org/financialassistance ak etablisman Sistèm Sante Mayo Clinic nan: www.mayoclinichealthsystem.org/financial-assistance;
- Ofri yon kopi rezime politik sa a sou papye nan lang klè bay pasyan yo nan kad pwosesis admisyon oswa egzayat la;
- Mete an plas ekspozisyon ki evidan (oswa lòt mezi ki rezonab pou atire atansyon pasyan yo) ki notifie epi enfòmasyon pasyan yo sou règleman sa a nan lokal piblik nan Mayo Clinic, ki gen ladan omwen nan departman ijans ak zòn admisyon yo, epi mete a dispozisyon kopi papye règleman sa a, aplikasyon pou asistans finansye a, ak yon rezime nan lang klè nan règleman sa a, sou demann epi gratis, nan lokal piblik nan Mayo Clinic Hospital — Rochester, e menm nan departman ijans ak zòn admisyon;
- Fè kopi règleman sa a sou papye, aplikasyon pou asistans finansye a, ak yon rezime politik sa a disponib, sou demann epi gratis, pa lapòs;
- Enfòmasyon manm kominote Mayo Clinic desèvi yo nan yon fason ki kalkile rezonab pou jwenn manm sa yo ki gen plis chans pou bezwen asistans finansye nan men Mayo Clinic Mayo Clinic ofri asistans finansye dapre règleman sa a, epi enfòmasyon yo sou ki jan oswa ki kote pou jwenn plis enfòmasyon sou règleman sa a, pwosesis aplikasyon pou asistans finansye a, ak fason pou jwenn kopi politik sa a, aplikasyon pou asistans finansye a, ak rezime politik sa a nan langaj klè; epi
- Sa enkli yon avi alekri ki evidan sou deklarasyon fakti ki notifie epi enfòmasyon benefisyè yo sou disponibilite asistans finansye anba règleman sa a epi ki gen ladan nimewo telefòn biwo a ki ka bay enfòmasyon sou règleman sa a ak adrès sit entènèt dirèk kote Ou ka jwenn kopi règleman sa a, aplikasyon pou asistans finansye ak rezime politik sa a nan lang klè.

Tradiksyon pou popilasyon ki gen Metriz limite nan angle

Mayo Clinic pran angajman pou reponn ak bezwen manm kominote Mayo Clinic desèvi a ki genyen konpetans limite nan lang angle lè li bay yon vèsyon règleman sa a, yon vèsyon aplikasyon pou asistans finansye a, ak yon vèsyon rezime règleman sa a ki tradui nan yon langaj ki klè. Vèsyon règleman sa a ki tradui a disponib pou Arizona, Florid, ak Rochester nan www.mayoclinic.org/financialassistance ak pou lokal Mayo Clinic Health System nan:

www.mayoclinic.org/financial-assistance anplis de tout metòd aksè ki endike anwo a.